


2021 Etid Misyon Fanm Metodis Ini.

Nap Selebre 75 ane Edikasyon Misyonè nan Konferans Florid la!



Fanm Metodis Ini yo prepare pou yon vi de fidélite ak aksyon lè yo angaje yo nan etid misyonè. Sa ekipe yo pou dirije etid misyonè nan gwoup lokal yo ak distri yo. Ane sa se yon ane espesyal paske nap komemore 75èm anivèsè edikasyon misyonè nan konferans Florid la! Vin jwenn avek nou!

Ane sa pou Mission u, (Edikasyon Misyonè), nou pral gen etid vityèl (sou òdinatè) nan mwa Juin an, 2 Samdi youn apre lòt (19 ak 26 Juin) pa Zoom. Nou pral gen etid an pèson avek etid vityèl (sou òdinatè) pa Zoom 15 a 17 Jiyè. Etid **Bearing Witness** (Rann Temwen) ap ofri nan Koreyen, Panyòl, ak Kreyòl an pèson nan dat 15 a 17 Jiyè a. Nou planifye pou etid an pèson la nan kan konferans la, Warren Willis Camp and Conference Center. Nap swiv tout pwotokòl ak tout direktiv rekòmande pou COVID-19. Enskripsyon kòmanse 1 Avril jouk 15 Avril! Akòz de pandemi an, nou pap genyen okenn anrejistrem anreta oswa lè ou rive **an pèsòn**. Aplikasyon pou bous pou etid yo ap disponib lè ou kontakte prezidan distri ou. Aplikasyon sa yo ap komase 1 Avril jouk 1 Me.

Etid Kwasans Espirityèl pou Adilte: Rann Temwen nan Kin-dom la

Nan pwòp pawòl Jezi yo, li te vini pou pote bon nouvèl bay pòv yo, lage prizonye yo, fè avèg yo wè, epi libere moun ki oprime yo. Objektif etid sa se pou ede legliz la ak manm li yo disène apèl nou yo epi rann temwayaj sou volonte Bondye pou yon mond ki pi jis.

Etid Pwoblèm Sosyal: Pouse Deyò - Kriminalizasyon Ti Fi Nwa yo Nan Lekòl yo

Etid sa envite patisipan yo aprann sou liy lekòl-a-prizon, mas prizon ak kriminalizasyon nan ti fi nwa. Nou pral etidyé sijè sa yo avek yon pèspektiv teyologik, ansanm ak enfòmasyon istorik ak istwa jèn moun ki soti nan tout kwen peyi a.

Etid Timoun yo: Ki Jan Pou Reponn a Vyołans

Etid sa a bay opòtinite pou timoun yo ak paran ou gadyen yo gen yon konvèrsasyon pou prepare yo pou vyołans ke yo pral malerezman rankontre nan lavi yo. Nap bay anpil enfòmasyon ak teknik ki pral ede gide konvèrsasyon sa yo.

Etid Gwoup Jèn yo: Fason Pou Fè Lapè Nan Yon Kilti Vyołans

Objektif etid sa se pou pran tan pou gen yon konvèrsasyon pi fon sou fason nou defini vyołans, ki sa ki lakòz rasin vyołans yo, epi finalman, ki jan Bondye ap rele nou pou nou reponn. An menm tan an, etid la ap chèche gide jèn yo pou devlope kapasite yo kòm moun kap fè lapè kòm ekspresyon lafwa yo.

2021 Misyon Etid enfòmasyon se nan: <https://www.unitedmethodistwomen.org/mission-studies>